

WIPIP!

Traducción Criollo haitiano - Español

**Wipip! Gade ki jan la vi-a bèl'o!
Wipip! Gade ki jan kè mwen kontan'o!
Wipip! Nan pwen Kayen, nan pwen Abèl!**

**Solèy taye banda sou tout la tè beni;
An ba yon sèl drapo tout nasyon reyini.
Nan pwen miray, nan pwen frontyè;
Nan pwen batay, nan pwen lagè... Wipipip!**

**Wipip! Gade ki jan la vi-a bèl'o!
Wipip! Gade ki jan kè mwen kontan'o!**

**Nan pwen Kayen, nan pwen Abèl...
Nou tout se yon fanmi'o!
Nan pwen batay, nan pwen la gè...
Nou tout se yon fanmi'o!
Nan pwen bonm, nan pwen fizi...
Nou tout se yon fanmi'o!
Nou tout se yonn, nou fè yon sèl...
Gade, gade! Wipip!**

**Lapè, lanmou, la jwa; wi sa bèl'o!
Wi nou kontan, kontan; wi sa bèl'o!**

**Men choublak tout koulè anvayi jaden mwen;
Rosiyòl ak toutrèl ap fè gam tout lajounen.
Bèt sovaj ak mouton dòmi nan menm kabann;
La kontantman gaye nan mitan tout savann.**

**Pou tout moun ki renmen, an nou rele "bravo!"
Pou tout moun ki sou la tè, an nou rele "bravo!"
Pou la vi-a kap donner, an nou rele "bravo!"
Pou mizik tout koulè, an nou rele "bravo!"**

**Bravo pou lanmou'a!
Bravo pou lavi'a!
Bravo pou mizik la!
Bravo pou lapè'a!
Pou tout moun kap koute!**

**Woy! Ala yon bèl bagay lè moun respekte moun;
Lè lapè ak lanmou simaye toupatou.
Kèlkilanswa lakay, ositou nan travay,
Lè nou tout fè yon sèl, se sak fè la vi-a bèl'o!**

La vi-a bèl'o! Gade, gade!

Tout zanmi kap koute, nou pa dwe janm bliye,

Sak fè la vi-a bèl, se lè yonn renmen lòt.

**Gade ki jan la vi-a bèl'o.
Gade ki jan kè mwen kontan'o.
Wipip!!!**

-Gabriel T. Guillaume

*Wow! Miren qué hermosa es la vida!
Wow! Miren qué feliz está mi corazón!
Wow! No hay Cain y Abel!*

*El sol brilla sobre la tierra bendita;
Bajo una bandera, todas las naciones unidas.
No hay rejas, no hay fronteras;
No hay peleas, no hay guerras... Wow!*

*Wow! Miren qué hermosa es la vida!
Wow! Noten cómo mi corazón está tan contento!*

*No hay Cain y Abel...
Somos todos una sola familia!
No hay pelea, no hay guerra...
Somos todos una sola familia!
No hay bombas, no hay armas...
Somos todos una sola familia!
Somos todos uno, todos hacemos uno...
Miren, miren a su alrededor! Wow!*

*Paz, Amor, Alegría; Qué hermoso!
Estamos contentos, estamos felices; si, qué hermoso!*

*Flores de todos colores han tomado mi jardín;
Los ruiseñores y las palomas cantan escalas todo el día.
Las bestias salvajes y las ovejas duermen en la misma cama;
La felicidad se ha expandido en medio de todos los desiertos.*

*Para todos los que aman, digamos "Hurra!"
Para todos en la tierra, digamos "Hurra!"
Por la bendiciendo de la vida, gritemos "Hurra!"
Por la música de todos los colores, exclamemos "Hurra!"*

*Hurra por el Amor!
Hurra por la Vida!
Hurra por la Música!
Hurra por la Paz!
Hurra por todos los que nos escuchan!*

*Wow! Qué maravilla cuando la gente se respeta;
Cuando la paz y el amor se reparten.
Ya sea en casa o en el trabajo,
Cuando todos nos convertimos en uno, la vida es maravillosa!*

La vida es hermosa! Miren a su alrededor!

*A todos los amigos que nos están escuchando, no debemos olvidar
La vida es hermosa cuando nos amamos los unos a los otros.*

*Miren qué maravillosa es la vida.
Miren lo feliz que está mi corazón.
Wow!!!*

